

Pou Piblikasyon Imedya: 07/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE LEJISLATI POU DEKRETE TARIFIKASYON
ANBOUTEYAJ POU KANPE OGMANTASYON MASIF TARIF 30 POU SAN MTA
OUBYEN DETORYASYON ADISYONÈL SISTÈM LAN**

***Gouvènè a pwopoze tou aksyon pou lejislati pou l finalman etabli pou kont randi,
remanye biwokrasì ak repare yon sistèm deranje***

***Anplis de tarifikasyon abouteyaj, aksyon nesèsè enkli konsepsyon-
konstriksyon pou pwojè, sispans evazyon tarif, re-òganizasyon entèn MTA,
reyalize verifikasyon pou detèmine depans sou plan kapital reyèl,
re-òganizasyon konsèy MTA, ak kreye yon kòf revni
tarifikasyon abouteyaj pou pwojè kapital MTA***

***Done yo montre sèlman yon fraksyon Nouyòkè vwayaje sou machin al nan Distri
Biznis Santral, epi 25 pousan vwayajè yo ki tap peye yon frè tarifikasyon
abouteyaj rete andeyò eta a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te mande Lejislati Eta a pou pase yon plan tarifikasyon abouteyaj pou finansè pwogram kapital MTA a pou ka evite yon ogmantasyon tarif MTA ki prèske 30 pousan oubyen deteryorasyon adisyonèl sistèm transpò a. Pandan yon diskou nan Asosiyasyon pou yon New York Meyè (Association for a Better New York), Gouvènè a te di sèl opsyon lojik ak reyalis pou ofri yon sous revni kontini ak devwe bay MTA se atravè tarifikasyon abouteyaj, epi Gouvènè a te enkli l nan pwopozisyon Bidjè Ekzekitif 2020 li an. Si se pa sa, Lejislati riske mete sou do Nouyòkè ogmantasyon konsiderab nan peyaj ak tarif bò kote MTA.

Anplis de tarifikasyon abouteyaj, Gouvènè a te prezante tou yon seri aksyon pwopoze pou Lejislati a pou etabli kont randi ak repare yon sistèm ki te an pán pandan plizyè deseni. Pwopozisyon yo enkli amelyore pwosesis pou konsepsyon ak ekzekisyon pwojè enpòtan, adrese defisi konsiderab ki lye ak bidjè ak operasyon, detèmine pri plan kapital reyèl, ak remanye estrikti akayik MTA a.

“Pandan plizyè deseni disfonksyon òganizasyonèl ak dezinvestiman te toumante MTA an, epi nou bezwen meyè jesyon ak plis kòb pou nou redrese l”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Tarifikasyon abouteyaj se sèl opsyon lojik ak reyalis pou finansè nesèsite kapital MTA epi yon moun dwe genyen otorite pou pran desizyon, anboche ak revoke, epi re-òganize. Kite Lejislati a plase vòt li sou vrè chwa a - tarifikasyon abouteyaj oubyen ogmantasyon 30 pousan nan tarif ak peyaj. Se A oubyen B paske pa gen C. Si piblik la konprann chwa vital la reprezantan ofisyèl yo ap fè, tarifikasyon abouteyaj ap triyonfe.”

MTA bezwen nan fason dezespere yon sous finansman fyab pou li sipòte transfòmasyon l ak asire bidjè anyèl. Lè nou gade mank altènatif ki vyab, sèl vrè chwa a se tarifikasyon anbouteyaj. Tarifikasyon anbouteyaj ta pral mande yon frè nan men moun k ap antre nan Manhattan Central Business District anba 60th Street ak jenere yon 15 milya dola yo estime pou pwochen plan kapital MTA a. Komisyon Ranje NYC (Fix NYC Panel) gen yon kantite to varyab ki ta pral ankouraje otomobilis nan direksyon lè ki san anbouteyaj lè yo redwi peyaj nan sèten tan epi yo ta pral ekzekite l ak peyaj elektwonik. Yo tap mete lajan an nan yon kòf pou pwojè kapital MTA.

Nan remak li yo, Gouvènè a te souliye tarifikasyon anbouteyaj ta pral gen yon enpak minimal sou vwayajè ki soti nan lòt minisipalite. Li te site done ki montre sèlman yon fraksyon Nouyòkè vwayaje nan machin pou al nan Central Business District, epi 25 pousan nan vwayajè yo ta pral peye yon frè tarifikasyon anbouteyaj se moun ki sòt nan lòt eta.

Pousantaj rezidan ki vwayaje nan machin pou antre Manhattan (Dapre Biwo Resansman Ameriken (U.S. Census Bureau), 2012-2016, Sondaj Kominote Ameriken ki baze sou estimasyon 5 ane)

Brooklyn - 1.3 pousan
Queens - 2.2 pousan
Bronx - 1.9 pousan
Staten Island - 2.3 pousan
Westchester - 2.2 pousan
Nassau - 1.8 pousan
Suffolk - 0.8 pousan

Gouvènè a te pwopoze aksyon k ap swiv yo pou Lejislati a:

1. **Pase Tarifikasyon Anbouteyaj:** MTA a gen yon bezwen dezespere pou sous revni fyab pou sipòte transfòmasyon li. Akoz mank altènatif ki vyab, sèl vrè chwa se ant tarifikasyon anbouteyaj oubyen prèske 30 pousan ogmantasyon nan peyaj ak frè ak deteryorasyon adisyonèl. Gouvènè Cuomo vivman sipòte tarifikasyon anbouteyaj, ki ta dwe pase atravè Lejislati Et a. Tarifikasyon anbouteyaj ta pral chanje peyaj pou moun k ap antre nan zòn Manhattan Central anba distri 60th Street ak jenere yo estime 15 milya dola pou pwochen plan kapital MTA a. Finalman, desizyon an chita nan men Lejislati a, epi Gouvènè a k ap ankouraje lejislasyon yo, pou pran desizyon ant tarifikasyon anbouteyaj oubyen enpoze ogmantasyon konsiderab nan peyaj ak tarif oubyen pèmèt deteryorasyon adisyonèl sistèm lan ki gen yon syèk.
2. **Ekzekite Konsepsyon-Konstriksyon pou tout pwojè:** Gouvènè Cuomo te pase premye Lwa Konsepsyon-Konstriksyon New York an 2011. Konsepsyon-Konstriksyon - ki konbine sèvis konsepsyon ak konstriksyon nan yon sèl kontra - redwi biwokrasi ak depans man gwo pwojè enfrastrikti, epi li deplase responsablite a sou sektè prive a. Eta New York itilize konsepsyon-konstriksyon pou tout gwo pwojè yo, sa enkli Pon Gouvènè Mario M. Cuomo, youn nan pi gwo pwojè enfrastrikti piblik resan nan nasyon an, epi nouvo Pon Kosciusko, ki pral fini an 2020, kat

ane konplè anvan lè. Pwojè konstriksyon MTA raman vini atan epi yo pa itilize konsepsyon-konstriksyon, ki san dout se metòd konstriksyon ki pi efikas lan. Eta a pa fè yon pwojè konsiderab si l pa konsepsyon-konstriksyon.

3. **Bloke eksplozyon nan evazyon frè:** Otorite Transpò Vil New York (New York City Transit Authority, NYCTA) obsève yon eksplozyon nan evasyon frè sou metro a. Nan ane resan yo, kantite evadè peyaj double, sa ki koute MTA yon total 215 milyon dola pa ane, yon ogmantasyon 110 milyon dola an 2015.
4. **Re-òganize MTA onivo entèn:** Chak sibdivizyon MTA - sa enkli NYCTA, Pon ak Tinèl MTA, LIRR ak Metro-North - gen pwòp operasyon administraif, sa enkli pèsònèl, piblisite, jeni, legal, kontabilite, epi li enkli plizyè milye anplwaye. Gouvènè a kwè redondans se yon gaspiyaj ekstraòdinè, li espesyalman pa efikas, epi li mande pou modènize ak meyè kowòdinasyon.
5. **Plan Kapital MTA:** Dapre gwoup travay, evalyasyon plan kapital sou senk ane MTA a soti ant 40 milya dola ale nan 80 milya dola. Gouvènè a ap mande yon verifikasyon jidisyè pou detèmine vrè pri plan kapital la.
6. **Re-òganize Konsèy MTA ak Veto inilateral:** Konsèy MTA a konpoze ak 23 manm; sepandan, li pa bay pyès moun an patikilye yon majorite klè nan reprezantan. Gouvènè a chwazi yon Prezidan an ak senk lòt manm; sa ki pa ofri yon majorite. Nan lòt manm ki rete yo, Majistra a chwazi kat epi Ekzekitif Konte rejyonal yo andeyò Vil New York chwazi set. Anplis, Konsèy MTA an li menm pa kontwole Plan Kapital ajans lan. Menm apre pasaj onivo konsèy la, Gouvènè a, Lidè Sena a, ak Prezidan Asanble a chak gen kapasite pou yo veto tout oubyen yon pati nan plan pou MTA a jan lide yo di yo, epi Majistra gen dwa pou l veto tout pati nan plan pou MTA ki afekte vil la dapre volonte l. Yon biwokrasi ki remanye ak responsablite konsantrè ta pral mennen a refòm vital. Lè yo deziye otorite klèman epi garanti finansman, MTA pral kapab fonksyone kòm yon modèl efisyen ak efikas pou monn lan, se sa New York merite.
7. **Kòf Tarifikasyon Anbouteyaj:** Kreye yon kòf pou revni tarifikasyon abouteyaj ki dedye a kapital MTA sèlman.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)